**दिन–बुधवार** **दिनांक–28.01.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू द्वारा लोकसभा आ राज्यसभाक संयुक्त अधिवेशन के संबोधनक संगहि संसदक बजट सत्र आइ सँ शुरू भऽ गेल। राष्ट्रपति अपन अभिभाषण मे कहलनि जे केन्द्र सरकारक मजगूत नीति आ पहलक कारण देश मे कृषि उत्पादन मे तेजी सँ वृद्धि भेल अछि। श्रीमती मुर्मू ऊर्जा क्षेत्र मे देशक प्रगतिक चर्चा करैत विश्वास व्यक्त कयलनि जे देश एहि दशकक अंत धरि पांच सय गीगावाट नवीकरणीय ऊर्जा क्षमताक लक्ष्य प्राप्त कऽ लेत। ओ कहलनि जे ग्रामीण क्षेत्र मे रोजगार आ विकास लेल विकसित भारत जी राम जी कानून लागू कयल गेल अछि। बजट सत्रक पहिल चरण आइ सँ तेरह फरवरी धरि चलत। एहि क्रम मे काल्हि आर्थिक सर्वेक्षण प्रस्तुत कयल जायत, जखनकि एक फरवरी के वित्तमंत्री निर्मला सीतारामण वित्तीय वर्ष दू हजार छब्बीस–सत्ताईसक बजट प्रस्तुत करतीह। दोसर चरण नओ मार्च सँ दू अप्रील धरि होयत।

---

जदयूक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह राष्ट्रपतिक संबोधन के प्रेरणादायक जनौलनि अछि। श्री सिंह नव दिल्ली मे पत्रकार लोकनि सँ गपशप मे कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के विकसित भारत बनेबाक संकल्प के एहि सँ दृढ़ता भेटल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ समृद्धि यात्राक अंतर्गत दरभंगा जिला मे विभिन्न योजनाक शिलान्यास आ उद्घाटन कयलनि। श्री कुमार एक सय पांच करोड़ टाकाक लागतिवला पचास योजनाक शिलान्यास जखनकि, तैंतीस करोड़ टाकाक लागतिवला चालीस योजनाक उद्घाटन कयलनि। स्थानीय नागेन्द्र झा स्टेडियम मे मुख्यमंत्री विभागीय स्टॉल सभक निरीक्षण कयलनि। संगहि, आमस—दरभंगा पथ परियोजनाक कैंप कार्यालयक निरीक्षण तथा लॉजिस्टिक पार्कक लेल चिन्हित भूमिक अवलोकन सेहो कयलनि। मुख्यमंत्री संवाद कार्यक्रम के संबोधित करैत कहलनि जे केन्द्रक सहयोग सँ बिहार प्रगति यात्रा लागातार चलि रहल अछि। श्री कुमार कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ हुनक सरकार सँ राज्यक विकास लेल पूरा सहयोग भेटि रहल अछि। मुख्यमंत्री जिला मे चलि रहल विकास योजनाक प्रगतिक समीक्षा सेहो कयलनि। एहि क्रम मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, राज्यसभा सांसद संजय झा, राज्य सरकारक कतेको मंत्री आ आनो गणमान्य लोक उपस्थित छलाह

———————————————————

महाराष्ट्रक उपमुख्यमंत्री अजीत पवारक आइ एक विमान दुर्घटना मे असामयिक निधन भऽ गेलनि। पुणेक बारामती एयरपोर्ट पर हुनक विमान लैंडिंगक काल संतुलन बिगड़बाक कारणे क्रैश भऽ गेल। भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नबीन, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा, विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार, लोजपा रामविलासक प्रमुख चिराग पासवान, राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव, कांग्रेस सांसद अखिलेश प्रसाद सिंह समेत विभिन्न राजनीतिक दलक वरिष्ठ नेता लोकनि हुनक निधन पर दुख व्यक्त कयलनि अछि।

———————————————————

भारतीय विशिष्ट पहचान प्राधिकरण आइ आधारक नव डिजिटल व्यवस्था— आधार ऐप शुरू कयलक अछि। इलेक्ट्रॉनिकी आ सूचना प्रौद्योगिकी मंत्री अश्विनी वैष्णव आइ एहि ऐपक लोकार्पण कयलनि। नव व्यवस्थाक अंतर्गत आब लोक के फिजिकल आधार कार्ड लऽकऽ चलबाक आवश्यकता नहि होयत। नव आधार ऐप सँ लोकक डिजिटल पहचान भऽ जायत। एहि ऐप सँ क्यूआर कोडक माध्यमे कोनहुं आधार कार्डक तुरंत सत्यापन भऽ सकत। सत्यपन मे लोक के आधार मे दर्ज पूरा जनतब साझा करबाक आवश्यकता नहि होयत। एकर अतिरिक्त लोक एहि ऐपक माध्यम सँ अपन मोबाईल नंबर, पता आ ई—मेल आईडी मे सुधार सेहो कऽ सकताह।

---

पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ प्रदेशक अधिकांश भाग मे मौसम मे पैघ बदलाव भेल अछि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे कतेको क्षेत्र मे मेघ लागल अछि आ कतहु–कतहु आंशिक बरखा सेहो भेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक विभिन्न भागक अधिकतम तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस कमी हेबाक संभावना अछि। विभाग पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण आ गोपालगंज जिला मे एक–दू स्थान पर ठनका खसबाक आशंका के लऽकऽ अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि, राज्यक दक्षिण–पश्चिम भाग मे कतेको ठाम घनगर कुहेस लागल रहबाक संभावना बनल अछि।

---

बेगूसराय आ सीवान मे मोबाइलक माध्यम सँ व्यवहार न्यायालय के बम सँ उड़ेबाक धमकी भेटल। पुलिस आ सुरक्षा एजेंसी एकरा गंभीरता सँ लैत कोर्ट परिसर मे सघन तलाशी अभियान चलौलक।

---

समाप्त